

Nilai Dimensi Ibadah Qurban

Dening Jafar Arifin

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ
اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا, وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا, وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا, لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ,
صَدَقَ وَعْدُهُ, وَنَصَرَ عَبْدَهُ, وَأَعَزَّ جُنْدَهُ, وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ, لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ
وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ, لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ,
اللَّهُ أَكْبَرُ وَ لِلَّهِ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَرْسَلَ رَسُولَهُ بِالْهُدَى وَدِينِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهُ عَلَى الدِّينِ كُلِّهِ وَكَفَى
بِاللَّهِ شَهِيدًا. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ
وَرَسُولُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ. اَللّهُمَّ فَصِّلْ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ
وَصَحْبِهِ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ أَوْصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ
فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ قَالَ تَعَالَى أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ
الرَّحِيمِ إِنَّا عَطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ. فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَأَنْحَرْ. إِنَّ شَانِكَ هُوَ الْأَبْتَرُ

Ma'asyiral Muslimin Rahimakumullah,

Sedaya puji namung kagunganipun Allah SWT, Dzat ingkang Maha Welas lan Maha Asih. Mugi-mugi rahmat lan salam tansah lumintu dhumateng junjungan kita, Nabi Muhammad SAW, sarta kulawarga, sahabat, lan sedaya umatipun ngantos dinten Kiyamat. Mugi kita katetepna dados umatipun inkang badhe pikantuk syafangat ing deniten akhir

Wonten ing enjing ingkang barokah punika, kanthi nikmat lan karunia saking Allah, kita saged kempal manunggal wonten papan suci punika kangge nglaksanani shalat Idul Adha. Mangga kita sedaya tansah ningkataken takwa kita dhumateng Allah SWT, kanthi nindakaken sedaya perintahipun lan nebihi sedaya awisanipun. Takwa ingkang saestu inggih punika dados bekal saha kunci kesuksesan wonten ing donya lan akhirat.

Dinten punika, kita sami mengeti dinten ageng Idul Adha, utawi ingkang asring sinebut Idul Qurban. Setunggaling dinten ingkang ngemot piwulang luhur saking lelampahanipun Nabi Ibrahim AS lan putranipun, Nabi Ismail AS. Lelabuhan kurban ingkang ngemot makna wigatos sanget tumrap pagesangan spiritual lan sosial kita.

Jamaah Shalat Idul Adha ingkang minulya,

Ibadah qurban gadhah kalih dimensi, inggih punika dimensi spriritual lan dimensi sosial. Dimensi sipirtual bilih qurban punika sanes namung babagan nyembelih hewan, ananging langkung saking punika, qurban punika minangka wujud taqarrub kelawan pasrah total kita dhumateng Allah SWT. Kados lelampahanipun Nabi Ibrahim, ingkang kanthi ikhlas lan tanpa

ragu-ragu siyap ngurbanaken putranipun piyambak, Nabi Ismail, amargi nampi dhawuh saking Allah. Allah SWT lajeng nggantos Nabi Ismail kanthi sembelihan ageng, minangka tandha rahmat lan pangapuntenipun.

Ibadah qurban punika nduweni kathah sanget kautamen lan manfangat, sae punika kangge pribadi ingkang ngurbanaken, utawi kangge masyarakat umum. Salah satunggaling kautamen ingkang paling ageng inggih punika minangka sarana kangge nyaketaken diri utawi taqarrub dhumateng Allah SWT. Kanthi ngurbanaken sapérangan bandha arta ingkang kita tresnani, kita mbuktekaken bilih kita boten namung gumantung dhumateng donya, ananging sedaya punika kagunganipun Allah lan kedah kita wangsulaken dhumateng Panjenenganipun nalika dipun suwun utai dipun dhawuhaken.

Allah SWT sampun dhawuh wonten ing Al-Quran, Surat Al-Hajj ayat 37:

لَنْ يَبَالَ اللَّهُ لِحُومِهَا وَلَا دِمَائِهَا وَلَكِنْ يَبَالُهُ التَّقْوَىٰ مِنْكُمْ ۚ كَذَٰلِكَ سَخَّرَهَا لَكُمْ لِتُكَبِّرُوا اللَّهَ عَلَىٰ مَا هَدَيْكُمْ ۚ وَبَشِّرِ الْمُحْسِنِينَ

Tegesipun : *"Daging (qurban) lan gethipun punika boten saged dumugi dhumateng Allah, ananging ingkang saged dumugi dhumateng Panjenenganipun inggih punika takwa saking panjenengan sedaya. Mekatenlah Panjenenganipun sampun ndadosaken kewan-kewan punika gampil kangge panjenengan, supados panjenengan ngagungkaken Allah awit saking pitedah ingkang sampun dipun paringaken dhumateng panjenengan. Lan atur kabar gembira dhumateng tiyang-tiyang ingkang nindakaken kasaenan."*

Ayat punika cetha njlentrehaken bilih inti saking qurban sanes wonten daging utawi gethipun, ananging wonten ing takwa lan keikhlasan kita. Allah boten mbetahaken daging utawi getih, ananging Allah ngrusakaken ketaatan lan ketulusan manah kita. Menawi kita nindakaken qurban kanthi ikhlas, insyaallah ganjaranipun agung sanget wonten ing ngarsanipun Allah.

Kaum Muslimin lan Muslimat ingkang dipun rahmati Allah,

Keutamaan qurban sanesipun inggih punika minangka sarana kangge ngresiki bandha arta lan jiwa. Bandha arta ingkang kita paringaken kangge qurban punika minangka shadaqah ingkang ageng, ingkang saged ngresiki bandha arta saking hak-hak tiyang sanes lan saking sedaya perkawis ingkang boten halal. Ugi, kanthi qurban, kita nglatih manah kita supados boten kepencut dhumateng donya lan langkung remen bersedekah lan peparing.

Salajengipun, qurban ugi nduweni dimensi sosial ingkang manfangat sanget. Daging qurban ingkang dipun dumaken dhumateng fakir miskin lan tiyang-tiyang ingkang mbetahaken, saged mbiyantu ngenthengaken beban pagesanganipun. Ibadah qurban punika mujudaken solidaritas sosial lan nuwuhaken roas persaudaraan ing antawisipun sesami. Tiyang-tiyang ingkang mampu maringi pitulungan dhumateng tiyang ingkang kirang mampu, sahingga kacipta masyarakat ingkang adil lan sejahtera.

Kanthi qurban, kita sinau kangge pedhuli dhumateng sesami. Kita saged ngrusakaken kabingahanipun tiyang-tiyang ingkang nampi daging qurban, ingkang mbok bilih jarang-jarang saged ngrusakaken daging. Punika minangka wujud syukur kita dhumateng nikmat ingkang sampun dipun paringaken Allah, kanthi cara dudum nikmat kasebat dhumateng tiyang sanes.

Rasulullah SAW sampun dawuh:

مَا عَمِلَ آدَمِيُّ مِنْ عَمَلٍ يَوْمَ النَّحْرِ أَحَبَّ إِلَى اللَّهِ مِنْ إِرَاقَةِ الدَّمِ، وَإِنَّهُ لَيَأْتِي يَوْمَ الْقِيَامَةِ بِقُرُونِهَا وَأَشْعَارِهَا وَأَظْلَافِهَا، وَإِنَّ الدَّمَ لَيَقَعُ مِنَ اللَّهِ بِمَكَانٍ قَبْلَ أَنْ يَقَعَ مِنَ الْأَرْضِ، فَطَبِّبُوا بِهَا أَنْفُسًا

Tegesipun : "Boten wonten amal ingkang dipun lampahi manungsa nalika dinten Idul Adha ingkang langkung dipun tresnani Allah tinimbang ngaliraken getih (sembelihan qurban). Saestu, (hewan qurban) punika badhe rawuh ing dinten kiyamat kanthi sungu-sungunipun, wulu-wulunipun, lan kuku-kukipun. Lan saestu, getih punika badhe dumugi ing ngarsanipun Allah wonten ing papan ingkang khusus sadèrèngipun tumiba ing bumi. Pramila, bungahakenlah diri panjenengan kanthi qurban." (HR. At-Tirmidzi lan Ibnu Majah)

Hadits punika jelas nedahaken bilih qurban punika amal ingkang ageng sanget ganjaripun. Saben bagéyan saking hewan qurban ingkang kita sembelih, badhe dados saksi lan timbangan amal kesaenan kita wonten ing dinten akhirat. Punika minangka janji saking Allah lan Rasulipun, ingkang kedah kita yakini kanthi sepenuh hati.

Hadirin Kaum Muslimin ingkang dipun rahmati Allah SWT,

Mumpung taksih pinaringan wekdal lan kesempatan, lan mumpung taksih pinaringan rezeki, mangga kita sedaya sami-sami niat kangge nindakaken ibadah qurban, utawi kangge panjenengan ingkang taksih mampu, saged nindakaken wonten ing taun punika menawi dereng. Niat ingkang tulus lan ikhlas, saking manah ingkang suci, supados ibadah qurban kita dipun tampi dening Allah SWT.

Inggang pungkasan, ibadah qurban punika ugi ngajaraken kita babagan nilai-nilai ketaatan, kesabaran, lan keikhlasan. Kados Nabi Ibrahim ingkang taat dhumateng dhawuh Allah, kados Nabi Ismail ingkang sabar lan pasrah, mekaten ugi kita kedah nindakaken ibadah kanthi ketaatan, kesabaran, lan keikhlasan. Sedaya punika minangka bekal ingkang wigatos kangge ngadhepi pagesangan ing donya lan akhirat.

Mugi-mugi, kanthi ibadah qurban punika, kita sedaya pikantuk ridha lan ampunan saking Allah SWT. Mugi-mugi, kita sedaya dipun golongaken dados tiyang-tiyang ingkang taat lan takwa, sarta pikantuk ganjaran ingkang agung wonten ing ngarsanipun Allah. Amin ya Rabbal Alamin.

Allahu Akbar, Allahu Akbar, Allahu Akbar Walillahil Hamd.

Mugi-mugi khutbah punika saged manfangati tumrap kita sedaya. Aamiin

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ